



PWOSÈ VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

Lendi 14 Jen 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans lundi 14 juin 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimere anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Egzamen admisyon lekòl manm gwoup travay la ki prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Gregor; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Wait.

Manm gwoup travay egzamen admisyon lekòl yo ki absan: Doktè Freeman-Wisdom.

Pèsonèl BPS ki Prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

OUVÈTI REYINYON AN

Mesye Contompasis te deklare reyinyon an ouvè. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Dr. Freeman-Wisdom te absan. Mesye Chernow ak Madam Skerritt te rive aprè apèl la.

Lendi 14 Jen 2021

DISKISYON

Mesye Contompasis te deklare ke pa t genyen okenn pwosè vèbal pou apwouve. Mesye Roberts te deklare pa t genyen okenn done adisyonèl pou prezante nan reyinyon an.

Mesye Contompasis te remèsyé manm Gwoup Entèvansyon an pou atenn yon konsansis vèbal nan reyinyon 11 Jen an sou detèminasyon Mwayèn Pondere Kimilatif (Grade Point Average, GPA) kòm yon kritè pou gwoup kandida.

Madam Sullivan te sigjere ke manm yo dwe eseye rezoud mekanism pou envitasyon yo avan prezantasyon Komite Lekòl la 16 Jen an. Li te rezime mekanism yo te genyen sou tab la jiska prezan. Premye a se te atribisyon plas yo a 20% nan tout vil la sou baz yon klasman senp, answit atribisyon plas yo a 80% sou baz nivo yo oubyen sektè resansman yo. Dezyèm opsyon an te yon atribisyon plas a 20%-80%, men 80% te atribiye sou baz sektè resansman yo. Li te deklare tou yo te kapab konsidere itilizasyon yon pwosesis tiraj osò ki baze sou sou yon gwoup kandida kalifye.

Mesye Contompasis te sigjere pou yo panse sou mekanism nan faz yo, jan yo te fè sa pou diskisyon GPA a. Mesye Acevedo te deklare ke diskisyon sou mekanism lan te dwe dabò dewoule nan otòn 2022.

Doktè Tung te deklare tou li te vle kontinye voye divès lekòl ki regwoupe pa Endis Opòtinite (OI) nan diskisyon an, paske sa te konsène alafwa egzijans divèsite jeyografik yo ak estati sosyo-ekonomik yo (ocioeconomic status, SES). Li pa t dakò avèk atribisyon plas yo nan echèl vil la nan 20% nan nenpòt ki mekanism, paske li panse sa te eksklizif. li te ajoute ke Non-Boston Public Schools yo (BPS) ta dwe mete nan pwòp gwoup yo.

Madam Skerrit te kòmante ke li pa t panse lekòl chat yo ki gen yon popilasyon ki pi defavorize yo ta dwe nan menm kategori ak lekòl endepandan yo. Li te sigjere pou rezève yon sètèn kantite plas pou elèv ki soti nan lekòl ki espesyalman defavorize ekonomikman yo. Li te deklare yon sètèn kantite pou santaj t'ap rezève pou faktè sosyo-ekonomik yo ak lòt pou santaj ta ka kontinye avèk modèl nivo pou plas sa yo epi atribiye yo vya yon klasman pa nivo pandan y'ap toujou itilize sektè resansman yo, oubyen pandan y'ap itilize li an konbinezon avèk kèk lòt modèl ki pwopoze.

Madam Sullivan te mande manm yo kisa yo te panse sou atribisyon plas yo pou ane admision 22-23 epi te repete kat rekòmandasyon diferan.

Opsyon 1: Nan itilize klasman dirèk 20% nan echèl vil la, 80% klasman nan nivo yo, oubyen sektè resansman yo, avèk yon sektè resansman pou Ministè Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF), elèv yo ki t'ap soufri frajilite lojman ak sa yo ki te nan Otorite Lojman Boston (Boston Housing Authority, BHA).

Opsyon 2: Tiraj Osò ki Kalifye.

Opsyon 3: Atribisyon plas yo baze sou klasman elèv yo nan lekòl yo. Lekòl sa yo t'ap regwoupe pa endis sosyo-ekonomik yo.

Lendi 14 Jen 2021

Opsyon 4: Atribisyon plas ki t'ap enkli atribisyon nivo yo pa klasman dirèk ak yon miz a kote ekonomik plas yo.

Madam Sullivan te deklare youn nan pwoblèm yo avèk yon tiraj osò dirèk nan echèl vil la se ke li pa t'ap trete faktè divèsite jewografik, donk li te panse li ta dwe nan yon gwoup tankou nivo yo oubyen sektè resansman an.

Mesye Chernow te vle konnen ak kisa tiraj osò a t'ap sanble. Madam Grassa te esplike ke li te panse alorijin ke si yo te itilize 20% klasman konsekitif, 80% ki rete yo t'ap yon lotri.

Doktè Tung te deklare pwopozisyon li se te yon fwa yon elèv te elijib, yo t'ap jwenn "yon boul nan panye a," epi pou chak kategori defi ki ajoute, elèv la t'ap jwenn yon boul anplis nan tiraj osò a. 100% plas yo t'ap rive atribiye men yo t'ap pwopòsyonèl ak regwoupman, menm si se ta yon lekòl ki voye, yon sektè resansman oubyen nivo.

Mesye Acevedo te eksprime preyokipasyon avèk yon tiraj osò, paske li t'ap sanble vrèman abitò epi te estime ke li pa t'ap jis pou kominate a te fè yon bagay nan non ekite a lè mekanism lan se te yon tiraj osò, epi li te panse ke te gen lòt mwayen ak divèsite ekonomik. Madam Aguirre te dakò avèk Mesye Acevedo epi te di si yo te ajoute boul anplis nan panye a pou kalifikasyon yo, alò se pa t'ap yon lotri ankò. Li te panse si yo t'ale ajoute divès kalifikatif, yo ta kapab tou opte pou lòt modèl tankou SES, nivo yo, ets. paske lòt modèl yo t'ap fè yon pi bon travay pou atenn objektif yo. Mesye Chernow te reponn ke li pa t'ap abitò si tout elèv yo nan gwoup la te demontre yo t'ap pèfòme nan nivo klas yo.

Madam Lum te eksprime tou ezitasyon ozalantou tiraj osò a, espesyalman, pou nou site antan ke paran paske te gen yon santiman mank transparans epi se te difisil pou konprann, menm si se pwobableman yon pwosesis trè senp. Li te aksantye sou enpòtans pou li reflechi ak transparan sou konsiderasyon pa yo.

Madam Skerrit te dakò ke apati de yon pèspektiv paran, yon sistèm tiraj osò t'ap sanble aleyatwa epi te deklare ke li pa t'ap kapab wè potansyèl tiraj osò a inikman nan lòd elèv envite yo ta ka chwazi lekòl pa yo. Mesye Contompasis te di li opoze tou ak pwopozisyon tiraj osò 100%.

Madam Lum te pale sou posibilité pou ouvri plas non reklame yo epi atribiye plas sa yo ak yon tiraj osò.

Doktè Tung te dakò avèk bezwen transparans lan ak yon pwosesis fasil. Li te deklare ke yo t'ap travay pou jistik, ki te vle di brize strikti ki te kenbe inegalite yo, sa lekòl egzamen yo te fè. Konsa, li te kwè yo ta dwe itilize tiraj osò a paske li atenyé sistèm jwèt ak menas estereyotip kèk elèv t'ap konfwonte avèk yo.

Madam Sullivan te manse si yo ta kapab jwenn kèk konsansis ozalantou 20%-80% kòm youn nan pwopozisyon pou prezantasyon Komite Lekòl la. Tout manm yo te dakò epi li te konfime ke li t'ap youn nan ide pou prezante nan reyinyon an. Apre sa, li te deklare twa pwopozisyon ki rete

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

Lendi 14 Jen 2021

yo, tout te enplike kèk fòm lotri. Li te di yo bezwen pale sou pwopozisyon pousantaj ki pi elve a -pou detèmine ankò- pousantaj elèv nan chak gwoupman lekòl pa estati sosyo-ekonomik.

Madam Skerrit te deklare li pa t bezwen miz-an-plas yon pousantaj siperyè X, epi te panse yo t'ap kapab rive nan yon divèsite ki sanble ak tip lekòl nan katye si yo te kenbe ran yo epi te dispoze yon sètèn kantite plas pa gwoup. Li te reponn ak kòmantè Doktè Tung nan epi te di li te panse li te kont responsabilite Gwoup Entèvansyon yo a pou atake egzistans lekòl egzamen yo jan yo estriktire aktyèlman yo. Li te deklare tou yo te demonstre gras ak yon politik admisyon yon ane, yo ta kapab genyen yon kò elèv pi divèsifye gras ak travay pa yo.

Madam Sullivan te deklare li te apresye pou konnen pozisyon filozofik manm yo sou kesyon sa, paske sa te ede li konprann panse pa yo ak pwopozisyon pa yo.

Mesye Contompasis te ajoute ke Gwoup Entèvansyon an te gen responsabilite pou asire ke plis elèv posib jwenn askè ak lekòl egzamen an, men pa pou demantle yo.

Madam Sullivan te kontinye pale sou rekòmandasyon mekanism X pousantaj elèv ki pi bon epi te deklare ke X pi bon nan gwoup kandida lekòl orijin yo t'ap resevwa yon envitasyon pou yon lekòl egzamen. Nan objektif pou abòde preyokipasyon sou lekòl ki pi piti yo oubyen klas ki pi piti yo, ta kapab genyen gwoup divès lekòl.

Madam Sullivan te mande manm yo si yo te konfòtab avèk Ko-Prezidan yo ki enkli yon tiraj osò kòm fè pati prezantasyon yo nan Komite Lekòl la. Mesye Contompasis, Madam Skerrit, Mesye Acevedo, ak Madam Aguirre te opoze, men kòm majorite a pa t opoze, Ko-prezidan yo te deside pou enkli tiraj osò a kòm yon pwopozisyon.

Madam Sullivan te apre sa sigjere ke te genyen de fason pou enkli tiraj osò a. Youn te fè pati pwosesis inisyal atribisyon plas yo, ki ta yon atribisyon dirèk baze sou gwoup kalifikasyon an. Dezyèm opsyon an se te yon tiraj osò nan divès nivo, divès trak oubyen yon lòt gwoupman.

Mesye Chernow te deklare li t'ap prefere tiraj osò a pam iyon sòt gwoupman paske sa t'ap kontribye ak divèsite katye a. Mesye Acevedo te dakò tou avèk dezyèm opsyon an.

Manm yo te diskite sou diferans ant tiraj osò a pou seleksyon an ak lotri a pou atribisyon an, epi Madam Lum te deklare li t'ap ouvri ak yon lotri pou atribisyon. Madam Skerrit te klarifye ke li t'ap pale sou tiraj osò pou atribisyon an, men pa pou seleksyon an.

Madam Sullivan te deklare li t'ap prezante yon tiraj osò ki kalifye avèk divès nivo oubyen gwoupman kòm yon pwopozisyon pou prezantasyon Komite Lekòl la. Manm yo te dakò.

Pou twazyèm pwopozisyon an, Madam Sullivan te pale sou yon pousantaj ankò pou detèmine oubyen yon sòt rezèv pou estati sosyo-ekonomik lan.

Mesye Acevedo te deklare si yo ta kapab attèn yon konstitisyon konstitisyonèl pou yon sòt miz kote sosyo-ekonomik net, li t'ap prefere sa, paske BPS te gen yon tèl divèsite lekòl anvwa.

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

Lendi 14 Jen 2021

Madam Sullivan te mande Michael Keating, konseye jiridik la, pou genyen ekip li k'ap egzamine si itilizasyon yon rezèv sosyo-ekonomik t'ap ka otorize legalman. Mesye Keating te reponn ke yo t'ap egzamine kesyon an.

Madam Lum te mande si Miz a kote a te asosye ak yon klasman 80%-20% oubyen si yo t'ap konsidere ke Miz a kote a te 20% pou divès konsiderasyon sosyo-ekonomik, answit 80% yon ran dirèk pa nivo. Madam Skerrit te deklare te genyen diferan fason pou pwosede, tankou klase ansanm nan gwoup kandida yo epi ranpli dabò plas ekonomik ki rezève yo, epi pase nan nivo yo oubyen modèl ki chwazi a.

Mesye Contompasis te sigjere ke li t'ap pi fasil pou fè seleksyon nivo a pa lòd klasman pou yon sètèn kantite pou santaj ak pou dezyèm pou santaj la pou li detèmine nan chak nivo tiraj osò.

Madam Sullivan te deklare ke se sa li te konprann de manm yo se te pou prezante sa ki swiv la:
Opsyon 1: 20% ki alwe sou tout vil la sou baz klasman senp ak 80% alwe pa nivo klasman senp.
Opsyon 2: 20% ki alwe ak klasman dirèk nan tout vil la ak 80% ki alwe pamí nivo pa tiraj osò yo.

Opsyon 3: Modèl ibrid: 20% ki alwe ak klasman dirèk nan tout vil la, 80% ki pataje nan nivo yo, avèk 70% plas yo ki alwe ak klasman dirèk epi 30% ki alwe pa tiraj osò.

Mesye Skerrit te ajoute youn pamí twa modèl yo ta kapab chwazi pou reyalize yon retrè nan echèl vil la.

Madam Sullivan te mande manm yo si yo te gen konsansis pou prezante ide sa yo. Manm yo te dakò.

Madam Sullivan te rezime sa manm yo te gen konsansis sou yo: mekanism pou alokasyon plas yo; GPA; ki enkli 10 pwen pou elèv ki frekante yon lekòl povrete elve.

Li te di yo te toujou ouvri pou diskite evalyasyon an, nòt absoli pa rapò ak kwasans, epitou faktè adisyonèl kòm validasyon edikatè a, ets. Li te mande manm yo si yo ta kapab rive nan yon konsansis pou pa itilize nòt yo sèlman kòm kritè epi t'ap gade nan lòt faktè pou kalifye yo. Doktè Tung te deklare li pa t konnen paske li pa t konnen faktè adisyonèl yo. Okenn nan lòt manm yo pa t opoze.

Madam Sullivan te deklare yo toujou bezwen pou detèmine sa kritè adisyonèl yo t'ap ye. Faktè sa yo ta kapab evalyasyon, validasyon edikatè a, zèv elèv tankou yon esè, echantyon redaksyon, vidéyo, ets.

Li te fini nan di ke aprè reyinyon Komite Lekòl la 16 Jen an, Gwoup Entèvansyon an t'ap kontinye travay la epi jwenn opòtinite pou tandem de piblik la pou ede yo rive nan yon rekòmandasyon final pou konsiderasyon Komite a.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

Lendi 14 Jen 2021

- Suri Yang, rezidan West Roxbury, elèv, te temwanye kont itilizasyon yon kwasans pou kritè admisyon yo.
- Tiffany Luo, rezidan Allston, elèv Boston Latin School (BLS), te temwanye an favè chanje politik admisyon yo.
- Shery Keleher, rezidan Charlestown, paran BPS, te temwanye kont chanjman pou egzamen admisyon nan lekòl yo.
- Derun Li, rezidan West Roxbury, te temwanye kont itilizasyon nivo yo ak tiraj osò nan admisyon yo.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye kont itilizasyon kwasans pou kritè admisyon yo.
- Eric Shi, paran BPS, te temwanye kont itilizasyon tiraj osò a.
- Nora McManus Vincent, rezidan West Roxbury, paran Bates Elementary School, te temwanye kont itilizasyon tès estanda.
- Weimin Zhao, rezidan West Roxbury, paran BLS, te temwanye kont itilizasyon yon tiraj osò.
- Shirley Chen Weng, rezidan Brighton, paran Josiah Quincy Elementary School (JQES), te temwanye an favè yon egzamen ak GPA pou lekòl egzamen yo.
- Jodie Cen, rezidan Charlestown, paran, te temwanye an favè yon egzamen.

KÒMANTÈ FINAL YO

Ko-Prezidan yo te remèsyé manm yo ak piblik yo.

RANVWAYE

Vè apeprè 07:55 pm, Komite a te vote a inanimite, pa apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvez
Asistan administratif